

ENFÒMASYON

ETE AN SANTE APRE W FIN VAKSINEN.
PWOTEJE KOMINITE W.



Ou pa pwoteje konplètman kont COVID-19 jiska de semèn apre ou fin pran dènye vaksen an.




- Si w pran vaksen ki gen de piki an, ou dwe tann **2 semèn** apre ou pran dezyèm piki an.
- Si w te pran vaksen ki j gen **yon piki an**, ou dwe tann **2 semèn** apre ou fin pran vaksen an

RETE AN SANTE APRE W FIN VAKSINEN

Ekspè yo pa konnen pandan konbyen tan vaksen an pral pwoteje w kont COVID-19 oswa si w ka toujou kontinye transmèt COVID-19 bay lòt moun apre w fin pran vaksen an. Menm apre w fin vaksinen, kontinye:



Mete mask ou.



Pratike distans sosyal.



Evite ransanble avèk anpil moun.



Lave men w souvan.



Dezenfekte espas yo manyen souvan yo

Menmsi ou fin vaksinen konplètman, pran tès pou COVID-19 touswit si:



Ou te pran kontak avèk **yon moun ki gen COVID-19** epi w kòmanse santi w malad. **Rete lakay ou epi rete lwen lòt moun.**

Ou **ap viv ak anpil moun** epi w te pran kontak ak **yon moun ki gen COVID-19**. **Menmsi w pa santi w malad, al fè tès.** Rete lakay ou, epi lwen lòt moun.